ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЫДОК!

№№61-63 (20.971) ● 2007 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 30, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 9-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Дыгъуасэ

Зэхуэсым кIрихьэлIа журналистхэм ушIэ кудкIэ зыхуагъэзащ Сванидзе Николайрэ Гусев Павелрэ.
Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихаш.*

Адыгэ Республикэм и Президент

Автомобиль гъэзэгухэр ирагъэфIакIуэ

АДЫГЕЙ. *Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр Матыжь Аслъан иджыблагъэ журналистхэм зэражриIамкIэ. Адыгейм и бгы-турист инфраструктурэр егъэфIакIуэныр куэдкIэ елъытащ абы и гъэзэгухэр иджырей мардэм къигъэтIысэным. Псалъэм папщIэ, «Урысей Ипщэ» зыуэ щыт федеральнэ программэм ипкъ иткIэ, дызэрыт илъэсым щIыналъэм щаухэунущ «Гуэзрыплъэ - Лъагъуэ ныкъуэ», «Каменномост - Победа» автомобиль гъэзэгухэр.*

КАМЕННОМОСТ, Победэ жылагъуэхэр зэпызыщIэ автомобиль гъэзэгур 2003 гъэм щыщIадзауэ яухуэ. Федерал бюджетым кIыхэкIыу а лажьыгъэхэм сом мелуан 80 мы гъэзэгурагъэкIуэдэнущ. Адыгейм и Президентым и пресс-Iуэхущ IапIэм къызэритамкIэ, автомобиль гъэзэгур яухуэ щытмэ, Победэ жылагъуэм щыIэ «Романтика» туристскорт комплексым щIыху нэхъыбэм зыщагъэпсэхуфынущ. Псом хуэмыдэу абы щыгуфIыкIынущ шы спортым дихьэххэр. «Гуэзрыплъэ - Лъагъуэ ныкъуэ» автомобиль гъэзэгуми, шэч хэмылъу, Адыгейм и турист щIыпIэ дахэ куэд зэпищIэнущ. А лажьыгъэхэм сом мелуан 75-рэ трагъэкIуэдэнущ. А ахъшэри къэралым и бюджетым къыхэкIынущ.

Иджыри щIэх щхьэхуит хъужьнукъым

АБХЪАЗ. *УФ-м политикэ къэхутныгъэхэмкIэ и институтым и тиафэщI Надеждэ Сергей иджыблагъэ къыхигъэщащ Косовэр и щхьэм хуитыж къэралыгъуэ щхьэхуэу къызэралытэу. Абхъазмэ апхуэдэ статус зэрригъэтынкIэр.*

«АБХЪАЗЫМ, Осетие Ипщэм, Приднестровьем нэхъ IэмалыфI куэд яIэщ и щхьэ хуитыж къэралыгъуэ щхьэхуэу кьалъытэ хьунымкIэ, Косовэм едытауэ. Сыту жыпIэмэ, Косовэр зэи щхьэхуэу псэуакъым, атIэ Сербием хэтащ. Мыдрейхэм, Куржыми Молдавиеми хэмыту, щIыналъэ щхьэхуэ яIэжащ. Ауэ абы щхьэкIэ къэмыгъэ, дунейпсо зэгухьэныгъэр Косовэм и телъхьэу кьоув, Урысей Федерацэм ар зэрыпымыщIа закъуэм щхьэкIэ, икIи Абхъазыр, Приднестровьер, Осетие Ипщэр УФ-м нэхъ пыщIауэ зэрыщытыр игу темыхуэу, абыхэм ящIэщIэувэну хьэзырщ, хуитныгъэ яримытын папщIэ. Ди къэралым абы гу лъимытэу хъунукъым.

СыдэрелтыкмкIэ, щIыналъэщым щхьэхуитныгъэ иджыри щIэх ягъуэтыжьнукъым, ауэ зауи кьыщыхъунукъым. Урысей Федерацэм Iуэхур абы нигъэсынкъым, Iэщэр зыгъэдалъэ куржыхэри кьыжьэдипхъуэнщI», - жиIащ Марков Сергей.

ХЬэщыкъуэй Олег.

Засурский Ясен къопсалъэ

ХЬыбарегъащIэ IэнатIэхэм я хуитныгъэхэмрэ яхь жэуаплныгъэмрэ теухуауэ

Гъатхэпэм и 29 - 30 махуэхэм Налшык къалэ щокIуэкI Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм щылажьэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я жылагъуэ едIуэныгъэхэр. Ар къызэригъэпэщащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я зэпыщIэныгъэхэмкIэ, информационнэ политикэмкIэ, псальэм и хуитныгъэмкIэ щыIэ комиссэм.

ЦIыхубэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэр къэрал къулыкъущIапIэхэм зэрапыщIа щIыкIэр, абыхэм я хуитныгъэр, жэуаплныгъэр кууэуэ щыIэпкърах зэIущIэшхуэм кIрихьэлIащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэр, властым и федеральнэ органхэм, Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм хьыхь субъектхэм я къулыкъущIапIэхэм, жылагъэ зэгухьэныгъэхэм, хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

КъБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщI **Къэзэр Альберт**республикэм и Iэтащхьэм кьыбгъэдэкI фIэхьыс псальэкIэ захуигъэзащ зэIущIэм кIрихьэлIаХэм икIи махуитIкIэ екIуэкIыну едзIэныгъэхэм щхьэпагъ куэд кIрикIуэну, лжьыгъэ кущIафIэ кьадэхьыну хьуэхуащ.

ЗэIущIэр кьызэIуихащ икIи пэублэ псальэкIэ пэщым щIэхэм захуигъэзащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я зэпыщIэныгъэхэмкIэ, информационнэ политикэмкIэ, псальэм и хуитныгъэмкIэ щыIэ комиссэм и унафэщI, Москва къалэм и журналистхэм я союзым и президент, «Московский комсомолец» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Гусев Павел.**

АдэкIэ хэгъуэгурэм щыIэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я зыужьыкIуэхэмрэ зыIууэ льэпощхьэпохэмрэ УрысейМ щылажьэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм кьыщыгъэлъэгъуэ зэрыхьур; властымрэ зи гугъу тщIы IэнатIэхэмрэ я зэхуэщытыкIэр, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри кьыхэущу кьэпсэльащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд**, «Налшык» ОРТК-м и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир** (КъБР), «Волгоградская газета» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Каминская Татьянэ** (Волгоград область), «Ставропольская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Балдицын Василий** (Ставрополь край), Ломоносовым и цIэр зезыхьэ Москва къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетым и деканэ, профессор **Засурский Ясен**(Москва), «Черноморская здравница» ООО-м и унафэщI, редактор нэхъыщхьэ **Белов Сергей** (Краснодар край), «Сердало» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Шадиев Хьусейн** (Ингушэ Республикэ) сымэ, нэгъуэщIхэри.

УФ-м и Жылагъуэ палатэм кьызэригъэпэща жылагъуэ едIуэныгъэхэм ноби кьыпащэ. Абы теухуа тхыгъэхэр тетынущ ди газетым и кьыкIэлыкIуэ кьыдэкIыгъуэхэм.

НЭЩЦЭПЫДЖЭ Замир.

Зэрымысэкъам кьыхэкIыу

Тырким и нэхъ курорт зыкьызыхэм ящыщ Белек пасынпынцагъэ кьыщыхуащ.

Мафы кьыщыуащ газ баллон. Зы цIыху (Тырким щыщщ) хэкIуэдащ, 7-м фэбжь ягъэтащ. Ахэр Инджылызым, Урысейм икIаеу зызыгъэпсэхуэхэм ящыщщ.

ЗэрыкъуэншамкIэ заумысыжмэ

Иранымрэ Инджылызымрэ яку кьадугъэшхуэ кьыдэхуащ.

Ипэрейм и гъунапкъэхуэмэхэм Перс псы дэжьыIэм щаубыдащ инджылыз моракхэр. Ахэр ягъэжьэнщащ Ираным и гъунапкъэр зэпаупщIауэ. АрщхьэкIэ Лондон жеIэ ар щIы зэфэзэщу - кхъухьыр Ираным и тенджызэ гъунапкъэм милитIкIэ пэжьжьэу щытауэ. Ираныр хьэзыр хуэдэщ инджылыз моряк псори кьыуГIыщыжьну, ауэ яп эщIыкIэ абыхэм къэралым и гъунапкъэр зэпаупщIауэ заумысыжьын хуейщ. Лондон мы Iуэхугъэр кьыщIэтащ ООН-м ШынагъэншагъэмкIэ и Советым.

Яубыда морякхэм кьыхагъэщхьэхуэ Ираным и гъунапкъэхьэмэгъэр хуэдизкIэ нэмысыфIэу кьаззэрыхущытар.

Хьэршым пыщIа Iуэхуэхэр

Хьэршыр кьэгъэIурыщIэным теухуа теорием и лъабжьэр зыгъэтIылъа Циолковский Константин щыщсэуа Калугэ къалэм нобэ космосым ехьэлIа Iуэхуэхэр кьыщаIэтащ.

Абыхэм тепсэлъыхьащ УФ-м и Къэрал Советым мыбы щригъэжькIуэкI зэIущIэм хэтхэр. УФ-м и Президент Путин Владимир кьыхигъэщхьэхуэкIащ IэнатIэм зегъэужьыным, узгужьыжьэ кьызэрагъэIурыщIэ Iэмэпсымэщ Iыдэхэр кьызэгъэпэщыным кIуэ пэтми ахьшэ кьэхьыбэ зэрыхуахьынур.

ЦIыху зэрымыс кьхъухьлъатэхэр

Иужь ильэхэм кьэрал зыужьыхьэр хуабжьу йогугъу щIыхь имыкъу ягъэлъатэ кьхъухьлъатэ зэмылIужьыщхьэхэр кьагупсысыным икIи щIыным. Абы сыт и лъэныкъуэкIи мыхьэнэ ин щIы.

Апхуэдэ кхъухьлъатэхэм зылыхьхьэхэр тыншу кьагъэтыф икIи абыхэм удынэхэр ирадыф.

УФ-м и дзэ-хьэуа кьаруухэм я унафэщI нэхъыщхьэ Михайлов Владимир зэрыжиIамкIэ, ди къэралыр мы IэнатIэм зытIэкIуэ кьыщыкIэрыхуащ. Ауэ дыщIэгъуэзэн щымыIэу кьелытэ, зэфIагъэкIын хуей кьалэнхэр зэрафызыхуам тришIыхьу.

Москва областым щыIэ Атгорьевск къалэм и Iэщэлъапэхэм щIэжы дыдэ щагъэунэхуащ цIыху имысу ягъэIуат «Типчак» кхъухьлъатэр. Ар дунейм щынэхьыфIхэм ящIыщу кьалытащ. АбыефIэкI нэгъуэщI апхуэдэ техники щыIэщ - Ту-300 кхъухьлъатэр. Абы сурэт трахыу ядакъым - апхуэдизкIэ щэху дыдэщи.

УФ-м и Правительствэм зэман гъэщIэгъуэм кьыгъэтынущ апхуэдэ кхъухьлъатэ лIэужьыгъуэхэр ящIыным трагъэкIуэдэну ахъшэр.

Чеххэм ядэркъым

Чех миниящэм щIигъуэ Iэтрадзащ къэралым и щIыналъэм США-м и ПРО-м и Iэмэпсымэхэр щыхагъащIу щыхьыщ тхылъым.

Москва щыгъуэ зэманым щыгъэгъуэм кьыгъэтынущ апхуэдэ кхъухьлъатэ лIэужьыгъуэхэр ящIыным трагъэкIуэдэну ахъшэр.

АрщхьэкIэ Вашингтон тельыджу Iуэхум бгъэдохьэ. США-м и къэрал секретарым и къуэдзэ Фрид Дэниэль урысей журналистым кьызэрыжриIамкIэ, апхуэдэ Iэмэпсымэхэр Европэм зэрыщыхагащIэм, уеблэмэ Урысеймэ и сэбэн хэлъ - абыхэм ар щахъуэмэнущ Ираным, атом Iэщэзыщ Iыну нэгъуэщI къэралхэм кьабгъэдэкI ышнагъэм. Урысеймрэ Iэрэ дыдэзэпыщIащ икIи сыт щыгъуи дыздэдэIэпыкъунущ, жиIащ къулыкъушхуэ зыIыгъ американ дипломатым.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

◆ **Урысеймэ щагъэлъапIэ Вулканологым и махуэр.** 1956 гъэм Камчаткэм щыIэ Безымянный вулканыр лъэщу кьыубыргъыкIауэ щыташ. Абы кIэлыпIпIа совет, нэгъуэщI къэрал Iэщ Iагъэзлъхьэм куэд кьащIащ мы кьэхъукъащIэм теухуауэ икIи ахэр сейсмологием и IэнатIэм щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм я лъабжьэ хуащI.

◆ Израильм иубыда щIыналъэхэм щыпсэу зыхьрыпхэм илъэс кьэс ягъэлъапIэ ЩIым и махуэр - журтэм хьэрыпыщIхэр зэрадыдар зымыдэхэм я пкIум хэтхэу 1976 гъэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр.

◆ Илъэси 140-рэ и пэкIэ (1867) Вашингтон Iэ щытрадзащ Урысейм Аляскэмрэ Алеут хытIыгухэмрэ (Урыс Америкэр) США-м зэрыригъэщIэм теухуа зэгурыIуэныгъэм.

◆ Мы махуэм Iэ традзэу икIи ратификацэ яшу щIадзэнущ Ныкъуэдыкъуэхэм я хуитныгъэхэм я декларациу ООН-м и Ассамблеер Нэхъыщхьэм 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 13-м кьыщтам. Къэрал 20-м ратификацэ ящIэ, абы кьару игуэтынущ.

◆ 1941 гъэм кьалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Дзбагъуэ Хьэсэн.

◆ 1946 гъэм кьалъхуащ тхаIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, ЩIДА-м и академик, КъБР-м, АР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я журналист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд.

◆ 1956 гъэм кьалъхуащ уэрэджьIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист Хъупсыр джэн Альберт.

◆ **Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 52-м, кьухьэжьыщ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 32-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 40-рэ.**

Псалъэр зэрыхьэзырыр **ШАЛ Мухьэмэд.**

Дыгъуасэ Ростов областым джьэн щыщIидзащ «Цифровое телевидение DISEL-TV» жыхуиIэм. Абы и саулыкъуэкIэ «ЮТК»-м кьызэригъэпэщащ Ростов - Налшык - Ставрополь телеэзэныщIэныгъэр. Налшык «Къэбалъкъэтелеком»-м и кьыбгъэдэкIыу псальэмакъым хэтащ абы и унафэщI Щыхьэсэгэн Амдулхьэмид, абы и къуэдзэхэу Кьаскъуэ Владимирр Тэнаш Руслан.

● ТелеэзэныщIэныгъэ

Телевиденэщ Iэ къызэIуах

- DISEL-TV-р нобэрей зэманым деклу телевиденэщ. Мыр къэбгъэсэбэныну икъуэкIэ тынш хьуащ. Телефоным нэхъапэм риизэпсалъэ къудей хьуэу щытамэ, иджы абы и фIыгъэкIэ телевизоркIэ канал 40-м нэс уеплъыфынущ. КьищынэмыщIауэ, щIыхухэм Iэмал ягъэуэтынущ интернет псэнищIэм зыпащIэну, заявкэ ятур я телевизорым зыхуей нэтыныр щыхуей эзманым кьрагъэтыфынущ, - жиIащ Ростовтелекомым и генеральнэ директор **Андреев Александр** .

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, КъБР-м апхуэдэ телевиденэм лэжьэн щыщIидзащ дызэрыт илъэсым и щIышыпэ мазэм. Апхуэдэу а зэманым кьриубыдэу республикэм и школ 300-м нэсым интернетым зыпащIэну Iэмал ягъэтащ.

DISEL-TV-р пебгъэщIэным сом 500 и уасэщ, мазэ кьэс сомI 100 ептынущ.

2007 гъэм и кIэм ирихьэлIэу КъБР-м щIыхь 1000-м щIигъэм телевиденэщIэр къэгъэсэбэпын щIадзэнущ кьелытэ Щыхьэсэтэн Амдулхьэмид.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Щэнхабзэ

Тхьлъ цIыкIум и тхьэмахуэ

Сабий творчествэмкIэ Налшык дэт республикэ унэм гъатхэпэм и 23 - 30-хэм щекIуэкIащ «Тхылъ цIыкIум и тхьэмахуэ» зыфIаща фестиваль-зэхьэзэхуэр. КъБР-м ЕгъэджакIуэхэрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэща Iуэхугъуэм ди республикэм и районхэм я дыкIуэхэр хэтащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **ДышэкI Мадинэ** фестивалыр кьыщызэIуахым жиIащ сабийхэм тхылъым хуаIэ лъагъуныгъэр фэрыщIагъ лъэпкъ хэмылъу зэрыкъабзэр. Ар фестивалым хэт ныбжьыщIэхэм екъуэхьущ. ЦIыкIуныгъэ яIэну. Апхуэдэу кьэпсэлъахэщ КъБР-м Егъэджакуэгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ Щоджэнщыкiум, Хьэтlохьущокьуэм, Комаровым я цIэкIэ щыIэ зэрамкэр кьэтэщIэрэщIэкьым. КьищынэмыщIауэ, Брамтэ, Хьэсэней, Кэнжэ гъуэгуэкьи елэжьынур ахэращ.

Нобэкlэ а лэжьыгъэ псори зэтрелыгъэ гъуэгу лъабжьэм щIэлъ псы бжьамий фахэр зэрамыхьэжьым. А щытыкIэм хэль гугъуехьхэр кьалытэри, управленэм и лэжьакIуэхэм унафэу кьэщIащ псы бжьамийхэр зэхуэ зкIыным сом зы мелуан ящхьэхьу, Налшык и коммунальнэ Iуэхущ IапIэхэм ядэIэпыкъуну, нэхъ пасэу езыхэм я лэжьыгъэхэм щIадзэфын папщIэ. Абы щыгъуэми, управленэм езым лэжьыгъэр и куэду кьыщынэжькIын. Зы километргъэ метр 700-рэ и кIыхьагъэщ. Про хладнэ кьыпэзыкIухь гъуэгур, Кисловодск - Нартсанэ - Джьылы-Су ауэхэр зэпызыщIэр, мы гъэм яухьн хуейщ. Дзэпыкъуэ районым икIыу Джьылы-Су ауэым кIуэ гъуэгум етIанэгъэ щыщIэзауэ цIыхухэр кьезышIэкI автобусхэр щызекIуэнущ. Абы щыIэ псы хущхьэуэхэм цIыхухэр кьыщIэ зэрыкъуэнкьыкъуэ кьэпльытэмэ, а гъуэгур хьэзыр зэрыхьар екьулIэнырыгъэшхущ.

ГЪУЩIО Зариф.

● Гъуэгу хозяйствэ

ЕхъулIэныгъэшхуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым автомобиль гъэзэгухэмкIэ и управленэм мы гъэм сом мелуан 426-рэ и уасэ лэжьыгъэ игъэзэщIэн хуейуэ къыпэщылъщ. Къалэ урамхэр зэгъэпэщыжыным а Iэхъущ IапIэм и Iэхъу хэмылъ пэтми, къэдгъэлъэгъуа бжыгъэм щыщу сом мелуани 100-р зыхуаутIыпщынур араш.

УПРАВЛЕНЭМ къалэн щащIащ а лэжьыгъэр Къэбэрдей-Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум ирихьэлIэу зэрIагъэкIыну. Абы и гъуэгу ухуакIуэхэр елэжьынущ Налшык и коммунальнэ Iуэхущ IапIэхэм ядэIэпыкъуну, жиIащ къулыкъушхуэ зыIыгъ американ дипломатым.

● КъБР-м и Парламентым

Зэрыхьуагъэзу тIу къащтащ

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым Зэрызыхуагъазэхэм.

ПАРЛАМЕНТЫМ Экономикэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщым и къуэдзэ **Атэлыкъ Анатолий** и лэжьэгъуэхэм я пащхьэ кьрихьлъхьащ «Федеральнэ законодательствэм игъэбелджыла цIыху гупхэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщым и лъэныкъуэкIэ къэралым кьалэн зыщищыжьахэр гъэзэщIэныр» программэ къуэдзэр гъэзэщIа хъун щхьэкIэ зыхуей ахъшэр аргуэру хуэхъын Iуэхумкlэ КъБР-м и Парламентым Урысей Федерацэм и Правительствэм Зэрызыхуигъазэм кьыщегъэлъагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу программэ къуэдзэм хэтхэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыным и Iуэхур зэфIэгъэкIа зэрыхъум зыкIи арэзы укьызэримыщIыр икIи зэрыхуэфащэкIэ ахъшэ кьыззэрамыутIыпщым кьыхэкIыу ар икъуэкIа хуэму зэрекIуэкIыр. Къэрал псэупIэ сертификатхэр Урысей Федерацэм и субъектхэм щытрагъашэкIэ, депутатхэм кьызэралытэмкIэ, языныкъуэ щIыналъэхэм щытыкIэр зэрыщыткIиир кьалъытэркъым. 2007 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу программэ къуэдзэм унагъуэ 217-рэ хэтащ икIи республикэм ильэс кьэс хуэзэу хуэхъ къэрал псэупIэ сертификати 10-14-м я Iуэхугъуэ гугъур ириизэфIбгъэкIифынукъым зэман гъунэгъум кьриубыдэу. Абы кьыхэкIыуи КъБР-м и Парламентым и депутатхэр щIолъэIу къэрал псэупIэ сертификату 70 нэхърэ мынэхь мащIэ 2007 гъэм республикэм хуэхьыну, 2008 - 2010 гъэхэм - апхуэдэ сертификатхэу 140-рэ.

Зэрызыхуигъазэр парламентархэм даIыгъащ икIи кьащтащ.

КъБР-м и профсоюзхэм я унафэщI, Парламентым и депутат **Тау Пщыкъан** кьыхилъхьащ телефон зэпыщIныгъэ Iуэхутхьбзэхэм я тарифхэм зэрыхьагъэхьуам кьыхэкIыу КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым Зэрызыхуагъазэр. Депутатыр зэрепльымкIэ, ар кьатехьэлъэнущ хуэмыщIа цIыхухэм. Электросвязым и тарифхэм ильэс кьэс зэрыхагъахъуэм кьыхэкIыу цIыхур Iэмал имыIэу ди зэманым зыхуей телефоныр куэдым кьахуэмыгъэссэбэныкъ мэхъу. Абы щыгъуэми связым и Iуэхутхьбзэхэр, псом хуэмыдэу кьуажэхэм, бгылъэ щыпIэхэм щыхуащIэхэр, efIакIуэркъым. Тау Пщыкъан кьызэрилытыпэмкIэ, связым и Iуэхутхьбзэхэм зэрыхагъахъуэр КъБР-м и цIыхухэм кьаIэрыхьэ хэхъуэм зыкIи езэгъыркъым. КъБР-м и профсоюзхэм я унафэщым Iуэхугъуэ зыбжанэ кьыхилъхьащ щытыкIэр егъэфIакIуэн и лъэныкъуэкIэ, кьапщтэмэ, «Социальнэ» тариф щыIэн хуейуэ, зы дакьикъэм и пщIэр адрей тариф планэм нэхърэ нэхъ мащIэу.

Я Iуэху епльыкIэхэр зэхуаIуэта ноужь, Парламентым и комитетитIым я пщэ дальхьащ мы Iуэхухэмкlэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым Зэрызыхуагъазэр ягъэхьэзырыну.

Прокурорым и мыарэзыныгъэ щым хэлъ

КъБР-м и Парламентым и иужьрей зэIущIэм щыхэпльащ республикэм и прокурорым и мыарэзыныгъэ щым.

ДЕПУТАТХЭР едзIуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и международнэ зэгурыIуэныгъэхэмрэ межрегиональнэ зэгурыIуэныгъэхэмрэ я Iуэхукlэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукlэ», «КъБР-м и цIыху гуп щхьэхуэхэм кьэрал социальнэ дзэпыкъуныгъэ ягъэзэну щыгъыныр» КъБР-м и Законэм яхуагъэзауэ республикэм и прокурорым и мыарэзынигъэхэм я лъэныкъуэкIэ прокурорым и къуэдзэ **Жекеев Алик** жиIаэм. А законэм Урысей Федерацэм и Конституцэм, федеральнэ законодательствэм емызэгъ Iуэхугъуэхэр хэту кьалытащ. Депутатхэм унафэ кьащтащ прокурорым и мыарэзынигъэр зэрыдаIыгъым теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ IапIэ.

● ЗэIущIэхэр

ЩIэблэр фIым дежьэхьэхьэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинскэ колледжым зэIущIэ щекIуэкIащ.

АР ТЕУХУАТ нобэрей щIалэгъуалэр гущIэгъуныгъэ кьэгъэтэджыным, афиныым, щIэпхъаджагъэм демыгъэхьэныным, дин зэхуэмыдэхэр я щхьэусыгъуэу зэпэщIэмыуэвэным.

ЗэIущIэм хэтащ егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ, дин лэжьакIуэхэр. Жор Плъэжьым и щыкIуэкIэр.

КъызэгъэпэщащкIэхэм зэIущIэр медицинскэ колледжым щыщIагъэкIуэкIам щхьэусыгъуэ иIэщ: еджапIэр зэхуэсыгъуэ нобжьыщIэхэр пэрыхьэнущ жэуаплныгъэ ин зыпыть кьаIэным - щIыхьэм я зэшIагъэр зэхуэмэным. Мы еджапIэм и студентхэм ящыщ куэд Жор Плъэжьым долажьэ: Налшык щыпсэу жьыкIэфэхIэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм я унэ макIуэри, унагъуэ Iуэхухэмкlэ зыщIагъакъуэ. ЗэIущIэм кьрихьэлIаХэр зэгурыIуащ нэхъ щIэх-щIэхыу зэхуэсурэ зыгъэпIейтей Iуэ хуэгъуэм тепсэльыхьыну.

ЛЪОСТЭНМуэз.

Адыгэ Республикэм и Президент

Иджыри щIэх щхьэхуит хъужьнукъым

АБХЪАЗ. *УФ-м политикэ кьэхутныгъэхэмкIэ и институтым и тиафэщI Надеждэ Сергей иджыблагъэ кьыхигъэщащ Косовэр и щхьэм хуитыж къэралыгъуэ щхьэхуэу къызэралытэу. Абхъазмэ апхуэдэ статус зэрригъэтынкIэр.*

«АБХЪАЗЫМ, Осетие Ипщэм, Приднестровьем нэхъ Iэмалыфl куэд яIэщ я щхьэ хуитыж къэралыгъуэ щхьэхуэу кьалъытэ хьунымкIэ, Косовэм едытауэ. Сыту жыпIэмэ, Косовэр зэи щхьэхуэу псэуакъым, атIэ Сербием хэтащ. Мыдрейхэм, Куржыми Молдавиеми хэмыту, щIыналъэ щхьэхуэ яIэжащ. Ауэ абы щхьэкIэ кьэмыгъэ, дунейпсо зэгухьэныгъэр Косовэм и телъхьэу кьоув, Урысей Федерацэм ар зэрыпымыщIа закъуэм щхьэкIэ, икIи Абхъазыр, Приднестровьер, Осетие Ипщэр УФ-м нэхъ пыщIауэ зэрыщытыр игу темыхуэу, абыхэм ящIэщIэувэну хьэзырщ, хуитныгъэ яримытын папщIэ. Ди къэралым абы гу лъимытэу кьухьэкIыну.

СыдэрелтыкмкIэ, щIыналъэщым щхьэхуитныгъэ иджыри щIэх ягъуэтыжьнукъым, ауэ зауи кьыщыхъунукъым. Урысей Федерацэм Iуэхур абы нигъэсынкъым, Iэщэр зыгъэдалъэ куржыхэри кьыжьэдипхъуэнщI», - жиIащ Марков Сергей.

ХЬэщыкъуэй Олег.

● ТелеэзэныщIэныгъэ

Телевиденэщ Iэ къызэIуах

- DISEL-TV-р нобэрей зэманым деклу телевиденэщ. Мыр къэбгъэсэбэныну икъуэкIэ тынш хьуащ. Телефоным нэхъапэм риизэпсалъэ къудей хьуэу щытамэ, иджы абы и фIыгъэкIэ телевизоркIэ канал 40-м нэс уеплъыфынущ. КьищынэмыщIауэ, щIыхухэм Iэмал ягъэуэтынущ интернет псэнищIэм зыпащIэну, заявкэ ятур я телевизорым зыхуей нэтыныр щыхуей эзманым кьрагъэтыфынущ, - жиIащ Ростовтелекомым и генеральнэ директор **Андреев Александр** .

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, КъБР-м апхуэдэ телевиденэм лэжьэн щыщIидзащ дызэрыт илъэсым и щIышыпэ мазэм. Апхуэдэу а зэманым кьриубыдэу республикэм и школ 300-м нэсым интернетым зыпащIэну Iэмал ягъэтащ.

DISEL-TV-р пебгъэщIэным сом 500 и уасэщ, мазэ кьэс сомI 100 ептынущ.

2007 гъэм и кIэм ирихьэлIэу КъБР-м щIыхь 1000-м щIигъэм телевиденэщIэр къэгъэсэбэпын щIадзэнущ кьелытэ Щыхьэсэтэн Амдулхьэмид.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Щэнхабзэ

Балэ Людмилэрэ «Книга» IуэхущIапIэм и унафэщI Шаваевэ Iэминатрэ.

Зэхьэзэхуэр унэтIыныгъэ зыбжанэу гуэшат, тхылъедэжь ныбжьыщIэхэр зы номинацэм, суратыщIхэр адрейм щыIэхэуэу. А унэтIыныгъэхэмкIэ яп эувыпIищыр зыубыда Щокъарэ Татьянэ, Шавтиковэ Аурикэ, Шевченкэ Викэ сымэ дипломрэ тхылъ-саугъэтрэ иратащ. Мы Iуэхугъуэр ягъэдэхащ «Асса», «Глорие», «Калинкэ» сабий кьэфакIуэ гупхэм.

Фестивалыр щекIуэкIа махуэхэм библиотекэ зыбжанэм ныбжьыщIэхэр щаIущIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэ цIэрыIуэхэм. Апхуэдэуи литературэ лIыхъужьхэм я карнавал ирагъэкIуэкIащ, узыгъэгупсысэ джэгуакIэ, эзэпеуэ гъэщIэгъуэнхэр кьызэрагъэпэщащ.

АДЫГЭУНЭ Залым.

Зи игъуэр дахэщ.

Исламым и Пэр

Фатихъэ (Ублапіэ)

(1) Гуащіэмрэ гущіэгъумрэ зиІэ Адыхым и щІэкІэ. (2) Щыгъыр зыхуэфащэр дунейхэр зыхуэдэу (3) гущіэгъыр зиІэу (4) Къемэт махуэм и гещІрагъ, (5) Уэращ дыдыхэущІыдыр, Уэращ дэІэпыкъуэгъуэ диІэпи. (6) Дытешэ гъэзгу захуэу (7) уи нэфІ зыщыхуаехэр зытетым. Пэжыжьэ дыщІи уи ней зыщыхуаехэмрэ гъэущахэмрэ я гъэзгум.

● Муслъымэн махуэгъэпс

Мулидыр

Муслымэнхэм нэхъ гулытэ зыхуащІыр цІыхур къыщальхуа махуэракъым, дунейм цехыжаращ, ар дуней пэкым, гъащІэ уахътыншэм и щІэдзапІэу къалытэрэ. А щхьэусыгъэуэм къыхэкІыу (атІэми исламыр къытхуэзыхьа бегъымбар лъапІэр къыщальхуар цІыхухэм ящІэжыркъым), Мулидыр сытым щыгъуи зытрагъахуэр Мухьэмэд бегъымбарыр щылІа махуэращ. Ар мы гъэм зыхуэзэр мазэ махуэрыбжьыкІэ Рабби-аль аввалым и 12-нэ, дыгъэ маМуэрыбжьыкІэ - ГъатхэпэМ и 30-нэ махуэращ.

Мыр куэдым ягъэльапІэ щыхъуар Мухьэмэд бегъымбарыр зэрыпІэрэ зы ильэс дэкІа нэуэкщ. Абы къыхэкІыу жызыІи щыІэщ ар махуэшхуэу къэлытытэн хуэмейуэ, «бидэхьэ» жыхуаІэхэм (щІэуэ, эрэну диным къыхьыхьэхэм) ящыщу.

Ауэ ясЛамым и щІэныгъэлІэхэм, динырылажьэхэм, муслъымэн мелуанэхэм нэхъ яфІэкъабылщ а махуэр гъэлъэпІэныр, абы пщІэшхуэ хуэщІыныр, Мухьэмэд бегъымбарым и гъащІэмрэ и лэжьыгъэхэмрэ я мыхьэнэр ямылейуэ зэрыцныр къалытэрэ.

Мулидыр хэІэтыкІауэ щагъэльапІэ Мадинэ къалэм. Абы щыпсэуэхэмрэ и хьэщІэхэмрэ щызэхуоус бегъымбарым и мэжджитышхуэм (и къэрэр зыщІэтым). Нэмэз ящІ, зэчыр жаІэ, бегъымбарым хуохъуахьуэ, Зэхуэсышхуэхэр щокІуэкІ муслъымэн кьалэ Іэджэмэ, жыІалгъуэ зэмылІэужьыкІэхэр.

Бегъымбар лъапІэм щытхъу щыхуагъэшІ ди республикэм и мэжджитхэмэ унагъуэ щхьэхуэхэмэ. Муслымэнхэм ІэкІэ мелуанрэ ІэкІэ дунейм мамырыгъэ ящІу, цІыхухэр зэгурыІуэ-зэдзІу зэку зэдэпсэуну, гъащІэр сыт и лъэныкъуэкІи ефІэкІуэну.

● Дэ кьытхуатх

Сыт Іуэхум и пэжыпІэр?

ПщІэ зыхуэсщІ редакц!

Илъэсищ и пэкІэ КъурІэн Іуащыр адыгэбзэкІэ зэдзэкІауэ тыгъэ къыхуащІащи, си гуапэу сыкъоджэ. ФІыщІэ ин яхуэзощІ ФІыцІагъэ лъапІэм елэжьаэу Хьажь Мухьэмэд-Хьер, Болий Мустэфар, Нало Заур сымэ. «Афэрым» жызоІэ апхуэдэ лэжьыгъэфІыр псапащІэу зыхуэзфІэкІа Елгъэр Кащифи. Сэ къызэрыслытэмкІэ, КъурІэныр ди анэдэльхубзэмкІэ диІэ зэрыхьуар фІыгъэшхуэщ. Сыт щхьэкІэ? Сэ си ныбжьыкІэ сыщІалэжькъым, хьэрыпыбзэр сызэгъэщІэжынкъым, КъурІэным сыкъежджэфи хуэдэу. АдыгэбзэкІэ абы итхэм щыгъуаэз зэхуэсщІыну Іэмал зэрызгъэтам ину сыщогуфІыкІ.

Ауэ жаІэу зэхэсхащ адыгэбзэкІэ КъурІэныр щІэбджьыкІынымкІэ зы лъэпкъ имыІэу, абы псапэ гуэри кьыпэмыкІуэну. ИкъукІэ щхьэжэ сщыхьуащ апхуэдэ псалъэхэр. Ахэр пэжу пІэр?

МЭРЭТЫКЪУЭ Феня.
Мэртэзей къуажэ.

● ПсапащІэхэр

Хьэрычэтым берычэтыр къыдокІуэ

Гуэнгъэпщ Ризуан

Сэрмакъ къуажэм фІыуэ къыщацІыху хьэрычэтыщІэ, кІэртІофІ-гъэкІ Іэзэ Гуэнгъэпщ Ризуан. Абы и лэжьэгъущ и къуэшхэу Сулимэнрэ Русланрэ, Мэлей Тимур сымэ.

Гуп цІыкІум илъэ: сипІ хъуауэ гъаВэфІ кърехьапІэ, илъэс къэси псапэ Іуэхуфіхэр елэжь, кІэртІофі тонн зыбжанэкІэ я къуажэгъуэм яхуоупсэ. Я зэфІэкІым хэхъуэ зэпытщ. ЗэрыжаІэщи, я псапэм фІыгъуэ къахудокІуэ.

Ризуан муслъымэн хабзэхэр жыджэру егъэзащІэ. АбыкІэ сэбэп къыхуэхъуащ и адэ-анэм, Іыхъылхэм, духьэшхэм я дерс щхьэпэхэр. ЩІалэ хъарзынэр яхэтащ щІыщылэ мазэм хьэжьыщІым къикІыжахэм. Абы къызэриІуэтэжамкІэ, икъукІэ гунэс къыщыхъуащ Мэчэ, Мадинэ къалэхэм, Минэ, Мудалифэ, Арэфэ ауэхэм хьажьыщІэм щызэфІагъэкІа Іуэхуэхэр.

Сурэтыр тезыхар **ХЬЭМТУ МуІэдщ.**

● ГушыІэхэр

УкІытэмрэ гужьеІмрэ

Ибн Іэл-Джэшшаш махуэ гуэрым Ибн Іэл - Фуат ущырым деж щІыхьащ, хъарбыз Іэщ1эльу. Хъарбызыр уэзирым ириту, итІанэ Диджлэ псым хэуб-жьыхтэну арат и къалэнри, къэукІытэщ, къэгужьейри, щыуагъэшхуэ Іэщ1экІащ; уэзирым и нэкІум щІэубжьыхтэри, хъарбызыр псым хидзащ. Уэзирыр къэуІэбжьащ, щтэІэщтаблэ къэхъуащ. Къэзгуэзващ абы къыхуеблэгъа лІыри, къызэфІэзэрыхьри, мыпхуэдэу жиІащ:

- Сэ си мурадар нэгъуэщІщ: уи нэкІум сыщІэубжьыхтэу, хъарбызыр псым хэздзэн хуеящ.

- НтІэ, уэ сыт пщІа уи гугъэжьыр, щІэныгъэншэ? - жиІащ уэзирым.

ТхъэмыщкІэр ищІэнымкІи жиІэнымкІи щыуат.

Щхьэм змылъмэ, бзэм з мылъмэуэ

Зи акъылыр зэтемыс гуэр сымаджэм щІэупщІэну кІуат. Зы тэлайкІэ бгъэдэсри, сымаджэр зейхэм захуигъазэри, зигъэгубзыгъэу, мыпхуэдэу яжриІащ:

- КхъыІэ, япэрем хуэдэу къыдэвмыщІэ. Япэм фиІа сымаджэр лІэри, хъыбарыншэ дыфщІащ. Мыр лЭмэ, щыхьэкІуэ. Нэмэз тІэкІу тещІэжьынщ, зиунагъуэрэ!..

Зэчрей бегъымбар лъапІэр Дауд бегъымбарым и щІэблэхэм ящыщ, израилхэм къахэкІа бегъымбарт. Абы и адэри бегъымбару щытауэ яІуэтэж. Зэчрей бегъымбарыр пхъащІэти, Дауд ещхьу лажьэрт - и ІэмкІэ къымпэжьыжа ишхыртэкъым.

Зэчрей и зэманым псэуащ лъэпкъым пщІэ зыхуищІ Хьимран лІы Іущыр. Ар Масан и къуэт. Масан и бынхэр я зэманым израил лъэпкъым нэхъ еджауэ, унафэ зыІэщІэлъэхэм яхэтт.

Хьимран и фызыр Факьуэза ипхъу Хьуннэт, арат дунейм цІэрыІуэ щыхъуэ Мэрйем и анэр. Абы жиІат: «Си Тхьэ! Сэ мы си ныбжм итъымкІэ укъэзгъэгугъащи, сІых (си нузырыр), Уэ псори зэхох, уощІэ». Сабийр къалъхуэ нэужь (фызым) жиІащ: «Ди Тхьэ! Хъыджэбз цыкІущ згъуэтар». Ар щыгугъат щІалэ цІыкІу кІиитхуэу, израил лъэпкъым, ещхьгъэІэхуэхэм я нэ кІыззэрыхуикІым хуэдэу, и щІалэр Къудус (Иерусалим) мэжджит лъапІэм Тхьэм щыхуигъэлэжьэну. Ауэ Тхьэм ищІэрт нэхъыфІыр.

Арати, Тхьэм ар гуапэу Іихри, дахэрэ кьабзэу кьитэхуэщІ, Зэчрей кьанри иритащ. А зэманым Зэчрей пщІэ зыхуащІ еджагъэшхуэт, израилхэм я бегъымбарт. Зэчрей Мэрйем анэмэту кІыщратым, унэ (пэш) щхьэхуэ хухихащ, быдзышэ езыгъэфэни кІыхуигъуэтащ (зэрыжаІэмкІэ, ар Зэчрей и фызым и шыпхъурт). Хьыджэбзыр тыкъыр ящхьэкІыжри, Зэчрей абы мэжджитым пэш щхьэхуэ щыхупищІыхьащ. Махуэ къэскИи Зэчрей абы шхынрэ псырэ хуихьурэ ильагъурт.

Ар зыщІэс пэшым щІыхьэхуэкІэ, ерыскъы бГъэдэту ирихьэлІэрт - пхъэщхьэмыщхьэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Зэгуэрым абы йоупщІ:

- Зэи тщымыгъупщжьын дауэдапщэ телъыджэхэм дыхэтащ, - жеІэ Пэфисэт. - ПхуэмыІуэтэщІынщ ди гур зэрыхэхъуар, ди псэр зэрыгуфІар.

- Дыщежьэм, си лъакъуэхэр хэр узырти, сышынэрт дахэдахэу кьыхсуэмыкІухьынкІэ, - кьыпещэ и нысгъым и псалъэм Зейнэб. - ДыхэрыІуэ, узыр зыхъэмыщІэжу, Тхьэм кьару телъыджэ кьыхсхилъхъэри, си гъуэз хэм сакъыкІэрымыхуу, кьалэ цІэрыІуэхэри аузхэри зэщІэзгъэхьащ. Куэд щІауэ сыщІэхъэуэпсырт хьэж сщІынэу, ауэ, зэрыжаІэщи, си гур пхъэр щхьэкІэ, си лъэр пхъэм дэнат, мылъкуншагъэр лъэпощхьэпо кьысхуэхъур т...

- Ди хьуэпсапІэр кьыщищІэм, мылъкукІэ зыкьытщигъэкьуащ ди Президент Кьанокъуэ Арсен. Доллар мин тІурытІ кьыдитри, дригъэжьащ.

- Нэмэзым сытетІыс хьэхуэкІэ Алыхьым сотъэІу Кьанокъуэр тхуигъэзынщэну, абы и Іуэ хэхэр сытКІи иригъэфІэкІуэну...

Зэнысэгъуэхэр гъащІэгъуэну топсэлъыхь хьэжьыщІым щалъхуэхэм, нэхъ гукъынэжь кьащІыхьуахэм, я лъэр жану, насыпыфІэу залты тэжу ди щІыпІэм кьызэрихьэжьам, я Іыхьлыхэм гуапэу кьызэрыраГъэбЛэгъэкъам.

Гу зыгъыпатпхъщІ Пэфисэтрэ Зейнэбрэ я унагъуэхэр куэд щІауэ муслъымэныгъэм зэрыхуэлажьэр. Нэмэз ящІ, КъурІэн гъапІэм йоджжэ Пэфисэт и щхьэгъусэ Хьэмид, абыхэм я нысэ Лапусэ сымэ. Ефэндыщхуэ щыгъуэ щыгъуэ, нэхъ и адэ Пагуэ Хьэрун, нэмэз ещІ и дэпъуэ Мухьэмэд; ислъамыкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ Египетым щызэригъэгъуэтащ и шыпхъуэ и кьуэ Сэлим...

«Исламым и нур» напэкІуэцІыр зыгъэхьэзырхэр дохьуэхъу Пэфисэт Зейнэбн, абыхэм я гъусэу гъэуганэ мытыншым икІи пщІэ зиІэм тета псоми я хьэжьыр ябжьлу Тхьэм яІнхьпу!

Сурэтым: хьэж зыщІалэхэу (зэмэгумкІэ кьыщыщІэдзауэ) **Пагуэ Зейнэб, Іэпыч ФатІымэт, Хьэщпакъ Пэфисэт** *сымэ (шэнэм щІалэ цІыкІуи я гъусэу)Алеппэ аэропортым щыІэу.*

● Мэлъыхьыхьым и нэмэз щІыгъуэхэр

Мэлъыхьыхьым и нэмэз щІыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщыдджэжьыр	Дыгъэр кьыщыщІыкІыр	Щыдджэгъэр	Ичьыдыр	Ахъшэмыр	Жэкьар
1, тхьэмахуэ	05.19	06.49	13.20	16.53	19.31	21.11
2, блыщхьэ	05.17	06.47	13.20	16.54	19.33	21.12
3, гъубж	05.15	06.45	13.19	16.55	19.34	21.13
4, бэрэжьей	05.13	06.44	13.19	16.55	19.35	21.14
5, махуэку	05.11	06.42	13.19	16.56	19.36	21.16
6, мэрем	05.10	06.40	13.18	16.56	19.37	21.17
7, щІэбэт	05.08	06.38	13.18	16.57	19.38	21.18
8, тхьэмахуэ	05.06	06.37	13.18	16.57	19.40	21.19
9, блыщхьэ	05.04	06.35	13.18	16.58	19.41	21.20
10, гъубж	05.03	06.33	13.17	16.58	19.42	21.22
11, бэрэжьей	05.01	06.31	13.17	16.59	19.43	21.23
12, махуэку	04.59	06.30	13.17	16.59	19.44	21.24
13, мэрем	04.58	06.28	13.17	16.59	19.46	21.25
14, щІэбэт	04.56	06.26	13.16	17.00	19.47	21.26
15, тхьэмахуэ	04.54	06.25	13.16	17.00	19.48	21.27
16, блыщхьэ	04.52	06.23	13.16	17.01	19.49	21.29
17, гъубж	04.51	06.21	13.16	17.01	19.50	21.30
18, бэрэжьей	04.49	06.20	13.15	17.02	19.52	21.31
19, махуэку	04.48	06.18	13.15	17.02	19.53	21.32
20, мэрем	04.46	06.16	13.15	17.03	19.54	21.33
21, щІэбэт	04.44	06.15	13.15	17.03	19.55	21.35
22, тхьэмахуэ	04.43	06.13	13.14	17.03	19.56	21.36
23, блыщхьэ	04.41	06.12	13.14	17.04	19.57	21.37
24, гъубж	04.40	06.10	13.14	17.04	19.59	21.38
25, бэрэжьей	04.38	06.09	13.14	17.05	20.00	21.39
26, махуэку	04.37	06.07	13.14	17.05	20.01	21.40
27, мэрем	04.35	06.06	13.14	17.05	20.02	21.42
28, щІэбэт	04.34	06.04	13.13	17.06	20.03	21.43
29, тхьэмахуэ	04.32	06.03	13.13	17.06	20.04	21.44
30, блыщхьэ	04.31	06.01	13.13	17.07	20.06	21.45

Къбэрдей-Балъкъэрым и муслъымэн Іуэхущапэм къыдитащ.

● Муслъымэн махуэгъэпс

Мулидыр

Муслъымэнхэм нэхъ гулытэ зыхуащІыр цІыхур къыщальхуа махуэракъым, дунейм цехыжаращ, ар дуней пэкым, гъащІэ уахътыншэм и щІэдзапІэу къалытэрэ. А щхьэусыгъэуэм къыхэкІыу (атІэми исламыр къытхуэзыхьа бегъымбар лъапІэр къыщальхуар цІыхухэм ящІэжыркъым), Мулидыр сытым щыгъуи зытрагъахуэр Мухьэмэд бегъымбарыр щылІа махуэращ. Ар мы гъэм зыхуэзэр мазэ махуэрыбжьыкІэ Рабби-аль аввалым и 12-нэ, дыгъэ маМуэрыбжьыкІэ - ГъатхэпэМ и 30-нэ махуэращ.

Мыр куэдым ягъэльапІэ щыхъуар Мухьэмэд бегъымбарыр зэрыпІэрэ зы ильэс дэкІа нэуэкщ. Абы къыхэкІыу жызыІи щыІэщ ар махуэшхуэу къэлытытэн хуэмейуэ, «бидэхьэ» жыхуаІэхэм (щІэуэ, эрэну диным къыхьыхьэхэм) ящыщу.

Я ясЛамым и щІэныгъэлІэхэм, динырылажьэхэм, муслъымэн мелуанэхэм нэхъ яфІэкъабылщ а махуэр гъэлъэпІэныр, абы пщІэшхуэ хуэщІыныр, Мухьэмэд бегъымбарым и гъащІэмрэ и лэжьыгъэхэмрэ я мыхьэнэр ямылейуэ зэрыцныр къалытэрэ.

Мулидыр хэІэтыкІауэ щагъэльапІэ Мадинэ къалэм. Абы щыпсэуэхэмрэ я хьэщІэхэмрэ щызэхуоус бегъымбарым и мэжджитышхуэм (и къэрэр зыщІэтым). Нэмэз ящІ, зэчыр жаІэ, бегъымбарым хуохъуахьуэ, Зэхуэсышхуэхэр щокІуэкІ муслъымэн кьалэ Іэджэмэ, жыІалгъуэ зэмылІэужьыкІэхэр.

Бегъымбар лъапІэм щытхъу щыхуагъэшІ ди республикэм и мэжджитхэмэ унагъуэ щхьэхуэхэмэ. Муслымэнхэм ІэкІэ мелуанрэ ІэкІэ дунейм мамырыгъэ ящІу, цІыхухэр зэгурыІуэ-зэдзІу зэку зэдэпсэуну, гъащІэр сыт и лъэныкъуэкІи ефІэкІуэну.

● Дэ кьытхуатх

Сыт Іуэхум и пэжыпІэр?

ПщІэ зыхуэсщІ редакц!

Илъэсищ и пэкІэ КъурІэн Іуащыр адыгэбзэкІэ зэдзэкІауэ тыгъэ къыхуащІащи, си гуапэу сыкъоджэ. ФІыщІэ ин яхуэзощІ ФІыцІагъэ лъапІэм елэжьаэу Хьажь Мухьэмэд-Хьер, Болий Мустэфар, Нало Заур сымэ. «Афэрым» жызоІэ апхуэдэ лэжьыгъэфІыр псапащІэу зыхуэзфІэкІа Елгъэр Кащифи. Сэ къызэрыслытэмкІэ, КъурІэныр ди анэдэльхубзэмкІэ диІэ зэрыхьуар фІыгъэшхуэщ. Сыт щхьэкІэ? Сэ си ныбжьыкІэ сыщІалэжькъым, хьэрыпыбзэр сызэгъэщІэжынкъым, КъурІэным сыкъежджэфи хуэдэу. АдыгэбзэкІэ абы итхэм щыгъуаэз зэхуэсщІыну Іэмал зэрызгъэтам ину сыщогуфІыкІ.

Ауэ жаІэу зэхэсхащ адыгэбзэкІэ КъурІэныр щІэбджьыкІынымкІэ зы лъэпкъ имыІэу, абы псапэ гуэри кьыпэмыкІуэну. ИкъукІэ щхьэжэ сщыхьуащ апхуэдэ псалъэхэр. Ахэр пэжу пІэр?

МЭРЭТЫКЪУЭ Феня.
Мэртэзей къуажэ.

УпщІэм жэуап кьрет Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслымэнхэм я Іуэхущапэм и унафэщІэм и къуэдзэ **Дзасэжь Хьэзрэталий**.

Амфокъуэ ефэндымрэ абы и лІэужьхэмрэ

● Тхьидэ

Шогуэ ТІахьир уэркъ унагъуэм кьыщыхьуат. Абы и адэ Амфокъуэ динымкІэ щыІэнагъэ ІиІэ, муслымэн хабзэхэр егупуну зыгъэзащІэ, гущіэгъу ин зыхэль цІыхут. ЗэрАІуэтэжымкІэ, хьэрыпыбзэр фІы дыдэу ищІэрт, ирипсэльэфырт, иритхэфырт, уеблэмэ я бзэмкІэ уеэ итхыфырт. Апхуэдэу зэрыщытым кьыхэхІыу, Шогуэр инарыкьуейдэхэсэм ефэндыуэ хахри, илъэс зыбжанэкІэ а кьалэм мытынышр игъэощІащ, и кьуажэгъуэхэр кьыхуаарзыуэ.

Ауэрэ екІуэкІыурэ, сату Іуэхухэм дахьэх. Исльэмей щыщ Пыжьынэ Хъэзешэ-хьэжьыжьым ейуэ Инарыкьуей дэт тыкъэныр кьещхьхжрІ, хьэпщыпхэр куэду кьыщІельхъэ, Ростов, Армавир, Псыхуабэ, нэгъэщІ щІыпІэхэми кьришуурэ. Сатум нэхъри эригъэжьыгъэ, фейдэ хьарзыни кьыхэх. Амфокъуэ ихъкрэ нэхъ кьулей мы жьалгъуэм а зэманым дэсакъым. Абы иІэт унэ, лъапІэ дахэ, жыг хадэшхуэ, Іэщ хьушэ зыбжанэ.

Амфокъуэ цІыху Іущу, зыхІэлэлу, хабзэ, нэмыс хэльу зэрыщытым папщІэ, Инэрокъуэ пщым лщІэшхуэ кьыхуищІырт. А ТІур зыгуэркІэ зыщІыпІэ кІуэн хуэд хьуамэ, пщІар абы и сэмэгурабгъуМкІэ увырт. 1914 гъэм и гъатхэм Уэзыр Нахьуэ ипхъу Хьэсибэт и фызышэм щагъуэва самоварым кьриха мафІэбзиІм и зэранкІэ мафІэс кьэхъэри, кьуажэр зэтрисхьауэ щытащ. Абы щыгъуэ псэупІэншэу, ерыскъыншэу къэнат унагъуэ 160-рэ (цІыху щиблым ябгъащ). МафІэр зыльэмыІэсар унэ зыщыплІти, абыхэм яхэтт Шогуэхэ зыщыпсэуэрт.

Къулейсыныгъэшхуэр зылыгъэсахэм ядэпыкъун папщІэ къэрал унафэкІэ Инарыкьуей куэду кьашат гъавэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Ахэр хьэрэмыгъэншэу зэрягуэныфынур ящІэрти, а кьалэныр Шогуэм пщІэрыльащащІыгъат, зэрАІуэтэжьмкІи, цІыухэр арэзы ищІыфат. Ар зэрыпэжым щыхьэт тохьуэ ИнарыкІуей мафІэсым гъэІэуэ Дарыкъуэ (Джатэжьей) Сэхьид, Ныбжьэ ЛутІэ, ШэрИ Даут сымэ яусауэ щыта уэрэдым мыпхуэдэ псалъэхэр зэрыхтыр: «Шогуэ ефэндыжьым хьэжьгъэр кьешэч, дэ тхуэмышэр Уэзыр Хьэрэ Нахьуэщ».

Тхьідэм кьыхэнаш 1922 гъэм ди щІыналъэм гъеншэу кьыхэзэрыщыхьуари. Абы щыгъуэ Шогуэр и кьуажэгъуэхэм гъавэкІэ кІуэдри ядэпыкъуауэ щытащ, «фхуэзэфІэкІ фыхъумэ, кьызэфтыжьынщ, кьызэвмышэми сынывздэуэнукъым», - яжриІуэрэ, яхунгуэшырт.

Инарыкьуей мафІэсым и ІуэхуитІ щыщ: докІри, Сэхьид, тябрь революцэр кьохьэй. Абы кьрикІуаэхэм дитхэнэ балигъри щыгъуаэзщ. Ауэ си псалъэм кьыхэзгъэщІну сыхуейт революцэ нэужьым, щхьэусыгъуэ гуэркэр кІэралъхьэуэрэ, щІыхь лажьэрэ шхэжь кьэгъуэгурыкІуащ.

УРЫМ Жандэрий.

● ПсапащІэхэр

Хьэрычэтым берычэтыр къыдокІуэ

Гуэнгъэпщ Ризуан

Сэрмакъ къуажэм фІыуэ къыщацІыху хьэрычэтыщІэ, кІэртІофІ-гъэкІ Іэзэ Гуэнгъэпщ Ризуан. Абы и лэжьэгъущ и къуэшхэу Сулимэнрэ Русланрэ, Мэлей Тимур сымэ.

Гуп цІыкІум илъэ: сипІ хъуауэ гъаВэфІ кърехьапІэ, илъэс къэси псапэ Іуэхуфіхэр елэжь, кІэртІофі тонн зыбжанэкІэ я къуажэгъуэм яхуоупсэ. Я зэфІэкІым хэхъуэ зэпытщ. ЗэрыжаІэщи, я псапэм фІыгъуэ къахудокІуэ.

Ризуан муслъымэн хабзэхэр жыджэру егъэзащІэ. АбыкІэ сэбэп къыхуэхъуащ и адэ-анэм, Іыхъылхэм, духьэшхэм я дерс щхьэпэхэр. ЩІалэ хъарзынэр яхэтащ щІыщылэ мазэм хьэжьыщІым къикІыжахэм. Абы къызэриІуэтэжамкІэ, икъукІэ гунэс къыщыхъуащ Мэчэ, Мадинэ къалэхэм, Минэ, Мудалифэ, Арэфэ ауэхэм хьажьыщІэм щызэфІагъэкІа Іуэхуэхэр.

Сурэтыр тезыхар **ХЬЭМТУ МуІэдщ.**

● ГушыІэхэр

УкІытэмрэ гужьеІмрэ

Ибн Іэл-Джэшшаш махуэ гуэрым Ибн Іэл - Фуат ущырым деж щІыхьащ, хъарбыз Іэщ1эльу. Хъарбызыр уэзирым ириту, итІанэ Диджлэ псым хэубжьыхтэну арат и къалэнри, къэукІытэщ, къэгужьейри, щыуагъэшхуэ Іэщ1экІащ; уэзирым и нэкІум щІэубжьыхтэри, хъарбызыр псым хидзащ. Уэзирыр къэуІэбжьащ, щтэІэщтаблэ къэхъуащ. Къэзгуэзващ абы къыхуеблэгъа лІыри, къызэфІэзэрыхьри, мыпхуэдэу жиІащ:

- Сэ си мурадар нэгъуэщІщ: уи нэкІум сыщІэубжьыхтэу, хъарбызыр псым хэздзэн хуеящ.

- НтІэ, уэ сыт пщІа уи гугъэжьыр, щІэныгъэншэ? - жиІащ уэзирым.

ТхъэмыщкІэр ищІэнымкІи жиІэнымкІи щыуат.

Щхьэм змылъмэ, бзэм з мылъмэуэ

Зи акъылыр зэтемыс гуэр сымаджэм щІэупщІэну кІуат. Зы тэлайкІэ бгъэдэсри, сымаджэр зейхэм захуигъазэри, зигъэгубзыгъэу, мыпхуэдэу яжриІащ:

- КхъыІэ, япэрем хуэдэу къыдэвмыщІэ. Япэм фиІа сымаджэр лІэри, хъыбарыншэ дыфщІащ. Мыр лЭмэ, щыхьэкІуэ. Нэмэз тІэкІу тещІэжьынщ, зиунагъуэрэ!..

Зэчрей бегъымбар лъапІэр Дауд бегъымбарым и щІэблэхэм ящыщ, израилхэм къахэкІа бегъымбарт. Абы и адэри бегъымбару щытауэ яІуэтэж. Зэчрей бегъымбарыр пхъащІэти, Дауд ещхьу лажьэрт - и ІэмкІэ къымпэжьыжа ишхыртэкъым.

Зэчрей и зэманым псэуащ лъэпкъым пщІэ зыхуищІ Хьимран лІы Іущыр. Ар Масан и къуэт. Масан и бынхэр я зэманым израил лъэпкъым нэхъ еджауэ, унафэ зыІэщІэлъэхэм яхэтт.

Хьимран и фызыр Факьуэза ипхъу Хьуннэт, арат дунейм цІэрыІуэ щыхъуэ Мэрйем и анэр. Абы жиІат: «Си Тхьэ! Сэ мы си ныбжм итъымкІэ укъэзгъэгугъащи, сІых (си нузырыр), Уэ псори зэхох, уощІэ». Сабийр къалъхуэ нэужь (фызым) жиІащ: «Ди Тхьэ! Хъыджэбз цыкІущ згъуэтар». Ар щыгугъат щІалэ цІыкІу кІиитхуэу, израил лъэпкъым, ещхьгъэІэхуэхэм я нэ кІыззэрыхуикІым хуэдэу, и щІалэр Къудус (Иерусалим) мэжджит лъапІэм Тхьэм щыхуигъэлэжьэну. Ауэ Тхьэм ищІэрт нэхъыфІыр.

Арати, Тхьэм ар гуапэу Іихри, дахэрэ кьабзэу кьитэхуэщІ, Зэчрей кьанри иритащ. А зэманым Зэчрей пщІэ зыхуащІ еджагъэшхуэт, израилхэм я бегъымбарт. Зэчрей Мэрйем анэмэту кІыщратым, унэ (пэш) щхьэхуэ хухихащ, быдзышэ езыгъэфэни кІыхуигъуэтащ (зэрыжаІэмкІэ, ар Зэчрей и фызым и шыпхъурт). Хьыджэбзыр тыкъыр ящхьэкІыжри, Зэчрей абы мэжджитым пэш щхьэхуэ щыхупищІыхьащ. Махуэ къэскИи Зэчрей абы шхынрэ псырэ хуихьурэ ильагъурт.

Ар зыщІэс пэшым щІыхьэхуэкІэ, ерыскъы бГъэдэту ирихьэлІэрт - пхъэщхьэмыщхьэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Зэгуэрым абы йоупщІ:

- Зэи тщымыгъупщжьын дауэдапщэ телъыджэхэм дыхэтащ, - жеІэ Пэфисэт. - ПхуэмыІуэтэщІынщ ди гур зэрыхэхъуар, ди псэр зэрыгуфІар.

- Дыщежьэм, си лъакъуэхэр хэр узырти, сышынэрт дахэдахэу кьыхсуэмыкІухьынкІэ, - кьыпещэ и нысгъым и псалъэм Зейнэб. - ДыхэрыІуэ, узыр зыхъэмыщІэжу, Тхьэм кьару телъыджэ кьыхсхилъхъэри, си гъуэз хэм сакъыкІэрымыхуу, кьалэ цІэрыІуэхэри аузхэри зэщІэзгъэхьащ. Куэд щІауэ сыщІэхъэуэпсырт хьэж сщІынэу, ауэ, зэрыжаІэщи, си гур пхъэр щхьэкІэ, си лъэр пхъэм дэнат, мылъкуншагъэр лъэпощхьэпо кьысхуэхъур т...

- Ди хьуэпсапІэр кьыщищІэм, мылъкукІэ зыкьытщигъэкьуащ ди Президент Кьанокъуэ Арсен. Доллар мин тІурытІ кьыдитри, дригъэжьащ.

- Нэмэзым сытетІыс хьэхуэкІэ Алыхьым сотъэІу Кьанокъуэр тхуигъэзынщэну, абы и Іуэ хэхэр сытКІи иригъэфІэкІуэну...

Зэнысэгъуэхэр гъащІэгъуэну топсэлъыхь хьэжьыщІым щалъхуэхэм, нэхъ гукъынэжь кьащІыхьуахэм, я лъэр жану, насыпыфІэу залты тэжу ди щІыпІэм кьызэрихьэжьам, я Іыхьлыхэм гуапэу кьызэрыраГъэбЛэгъэкъам.

Гу зыгъыпатпхъщІ Пэфисэтрэ Зейнэбрэ я унагъуэхэр куэд щІауэ муслъымэныгъэм зэрыхуэлажьэр. Нэмэз ящІ, КъурІэн гъапІэм йоджжэ Пэфисэт и щхьэгъусэ Хьэмид, абыхэм я нысэ Лапусэ сымэ. Ефэндыщхуэ щыгъуэ щыгъуэ, нэхъ и адэ Пагуэ Хьэрун, нэмэз ещІ и дэпъуэ Мухьэмэд; ислъамыкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ Египетым щызэригъэгъуэтащ и шыпхъуэ и кьуэ Сэлим...

«Исламым и нур» напэкІуэцІыр зыгъэхьэзырхэр дохьуэхъу Пэфисэт Зейнэбн, абыхэм я гъусэу гъэуганэ мытыншым икІи пщІэ зиІэм тета псоми я хьэжьыр ябжьлу Тхьэм яІнхьпу!

Сурэтым: хьэж зыщІалэхэу (зэмэгумкІэ кьыщыщІэдзауэ) **Пагуэ Зейнэб, Іэпыч ФатІымэт, Хьэщпакъ Пэфисэт** *сымэ (шэнэм щІалэ цІыкІуи я гъусэу)Алеппэ аэропортым щыІэу.*

● Бегъымбархэр

Зэчрейрэ Ехьярэ

«Уа, Мэрйем! Дэнэ кьыздипхьэр мыр?» Мобы жиІат кьет: «Алыхьым и деж. Алыхьым ерыскъыр зыхуэфащэм мылъытэу ирет». Ар Тхьэм фІыуэ ильэгъуа цІыхуфІхэм я нэщэнэм щыщт.

Абдежьм Зэчрей Тхьэм и кьару иным егупсысащ, гъэмахуэм щымахуэ пхъэщхьэмыщхьэ, щІымахуэм, гъэмахуэ пхъэщхьэмыщхьэ Тхьэм и нэфІыр зыщІуахэм мылъытэу щритыфкІэ, си щхьэгъусэхэм Тхьэм и нэфІыр кьыщІихуэтэмэ, си ныбжьыр здыхэкІуэтам сэри Тхьэм бын кьызитынт, жиІэри... Абдежьм Зэчрей Тхьэм иолъэІу: «Уэ си Тхьэ! Уи Іэмыркіэ щІэблэфІ кьызэт - Уэращ пльэр зэхэзыхьыр».

Ар нэмэз ищІу мэжджитым и мухьэрэбым здитым, мелыІычыр (Жэбрэйил) къеджащ: «Алыхьым (уи кьуэ) Ехья теуха ухьыбарыкІэ уегъэгуфІэ - Алыхьым и псалъэр зэрыпІэжьым и щихьэту (Мэрйем и ныдэ Хьиса бесыгьыбарыщ зи гугъу ищІыр. Хьиса Тхьэм и псалъэр щІыхуэмэ здитым, мелыІычыр (Жэбрэйил) къеджащ: «ирехъу» жиІэу, кьызэригъэщІагъ адэнэщу), зи пщІэр ГъатхэпэМ дамыхьэхыу, бегъымбар фІэрафІэу кьыжьэнымкІэ!» - жиІэри.

Зэчрей жеІэ: «Си Тхьэ! Сэ дауэ кьуэ сызэрізнынр? Сэ жьы сыкъуащ, си щхьэгъусэращ - фыз мылъхэущ?» МелыІычым жеІэ: «Аращ! Алыхьым зыхуейр ещІэф».

Зэчрей бегъымбар апхуэдэ кьащІыхьуах